



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE ANALIZ SOU ENPAK ELIMINASYON DEDIKTIBLITE TAKS ETA AK TAKS LOKAL YO PWOPOZE A

Gouvènè Cuomo: Plan Taks Washington nan Enpoze yon Doub Taks pou Nouyokè yo

Plan an Ta Koute 3.3 Milyon Kontribyab New York 17.5 Milya Dola

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a, yon analiz ki ekspoze enpak devastan pwopozisyon Repibliken an pou elimine dediksyon federal pou taks eta ak taks lokal ki peye, yon dediksyon ki egziste depi plis pase 150 an. Analiz la montre ke eliminasyon dediktib taks eta ak taks lokal la ap vle di ke 3.3 milyon kontribyab New York ap obsève dèt fiskal federal yo ogmante a 17.5 milya dola. An mwayèn, kontribyab New York yo ap genyen pou peye 5,300 dola anplis nan enpo sou revni federal.

“Dènnye agresyon sa sou New York pa Repibliken yo nan Washington se nivo ipokrizi ki wo tou”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Plan sa mete sosyete yo anvan moun e milyadè yo anvan klas mwayèn nan. E olye pou diminye taks pou Ameriken k ap travay di yo, li ta takse yo sou taks ke yo deja ap peye. Se yon doub taksasyon ilegal k ap koute fanmi New York yo plis pase 17.5 milya dola, e mwen ankouraje tout Nouyokè pou fè tande vwa yo epi di Kongrè a pou sispann ak plan enkonsyan sa.”

Lwa Federal ki egziste ki pèmèt kontribyab yo retire taks eta ak taks lokal yo nan revni enpozab federal yo se yon deklarasyon fondamantal de dwa istorik ki gen anpil tan pou gouvènman lokal ak eta yo preleve revni e pou yo pa takse kontribyab yo de fwa. Se lwa tè a depi Lwa sou Revni 1862 a (Revenue Act of 1862), ki te kreye premye taks sou revni peyi a te pwomilge, pou finansè efò Inyon an nan Gè Sivil la, epi ki te konfime nan taks sou revni modèn nan, apre ratifikasyon Sèzyèm Amandman Konstitisyon an nan lane 1913. Lè n mete tout sa de kote, sa pa t ap egal ak yon aksyon pou ‘diminye eka a’ jan kèk moun dekri aksyon an; li ta takse kontribyab yo de fwa, ki ta febli dwa eta yo.

Ogmantasyon Taks Federal sou Nouyokè yo nan Eliminasyon Dediksyon Taks Eta ak Taks Lokal - Selon Revni

Tranch FedAGI la	Kantite Kontribiyab	Ogmantasyon Taks (an milyon)	Ogmantasyon Mwayen Taks
------------------	---------------------	------------------------------	-------------------------

Mwens pase 50,000 dola	649,718	275 dola	423 dola
Ant 50,000 dola ak 100,000 dola	1,158,013	1,504 dola	1,299 dola
Ant 100,000 dola ak 150,000 dola	686,506	1,846 dola	2,688 dola
Ant 150,000 dola ak 200,000 dola	319,016	1,372 dola	4,300 dola
Ant 200,000 dola ak 300,000 dola	244,592	1,699 dola	6,944 dola
Ant 300,000 dola ak 500,000 dola	130,149	1,660 dola	12,753 dola
Ant 500,000 dola ak 1 milyon dola	68,239	1,878 dola	27,519 dola
Ant 1 milyon dola ak 2 milyon dola	26,459	1,510 dola	57,066 dola
Ant 2 milyon dola ak 5 milyon dola	13,352	1,675 dola	125,481 dola
Plis pase 5 milyon dola	6,206	4,077 dola	656,988 dola
Total	3,302,250	17,495 dola	5,298 dola

Sous: Analiz Depatman Enpo ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance) sou Estatistik Revni Federal (Federal Statistics of Income, SOI) 2010

Dediksyon pou taks eta ak taks lokal ki peye a se benefis ki pi itilize nan kòd enpo a tou. Pou moun k ap deklare pou sosyete ak biznis yo, taks yo peye bay eta ak gouvènman lokal yo konsidere kòm yon depans pou fè biznis e yo retire l nan revni an. Nan fason vityèl, tout deklarasyon kontribyab nan nivo nasyonal egzije yon dediksyon pou taks eta ak taks lokal yo peye.

Eliminasyon dediksyon taks ki itilize anpil sa ta frape chak rejyon nan New York. Vil New York ta sipòte pi gwo fado a, k ap obsève ogmantasyon enpo plis pase 7.1 milya dola pou plis pase 1.1 milyon kontribyab. Anviwon yon milyon kontribyab nan Long Island ta obsève yon ogmantasyon taks Federal mwayen de plis pase 4,500 dola, e prèske 600,000 kontribyab nan rejyon Mid Hudson nan ta obsève yon ogmantasyon mwayen de prèske 5,600 dola.

Konsekans Rejyonal Pwopozisyon pou Elimine Dediksyon Taks Eta ak Taks Lokal la

<i>Rejyon</i>	<i>Kantite Kontribyab ki Afekte</i>	<i>Milyon dola</i>	<i>Ogmantasyon Mwayen</i>
Rejyon Lwès New York	134,192	398.15 dola	2,967 dola
Finger Lakes	152,067	467.71 dola	3,076 dola

Southern Tier	56,403	164.80 dola	2,922 dola
New York Santral	88,650	266.24 dola	3,003 dola
Mohawk Valley	37,647	96.12 dola	2,553 dola
North Country	26,298	66.79 dola	2,540 dola
Rejyon Kapital	164,649	508.39 dola	3,088 dola
Mid-Hudson	597,952	3,346.94 dola	5,597 dola
Vil New York	1,100,432	7,850.01 dola	7,134 dola
Long Island	943,959	4,329.84 dola	4,587 dola
Total Eta New York:	3,302,250	17,495 dola	5,298 dola

Sous: Analiz Depatman Enpo ak Finans Eta New York sou Deklarasyon Enpo sou Revni Patikilye Popilasyon an pou Ane 2014 la

Yon ogmantasyon taks Federal nan kad eliminasyon dediksyon federal la ap genyen gwo efè negatif ki ta nwi New York plis, ki genyen ladan l pèt plizyè milye djòb ak plizyè milya dola nan pwodwi enteryè bri, aktivite ekonomik ak revni pèsonèl eta a.

Anplis, dapre yon rapò Rockefeller Institute of Government, New York te voye 48 milya dola anplis nan taks bay gouvènman federal la nan ane fiskal 2015 lan ke li te resevwa an retou — yon pi gwo defisi “balans pèman” pase nenpòt lòt eta. Eliminasyon dediktibilite taks Eta ak taks lokal la ap ogmante kontribisyon New York la ki deja pa byen repati.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418